



This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by [UNESCO](#) and the [Council of American Overseas Research Centers \(CAORC\)](#) in cooperation with the [West African Research Association](#) and [Columbia University](#).

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: <http://catalog.crl.edu/search~S16>
- African Language Materials Archive (ALMA): <http://www.dlir.org/e-books.html>
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at <http://alma.matrix.msu.edu>.



# LËG-SEEN BUDDIKATU BËN

Gëñ yi



# Lëg-Seen buddikatu bën

GËÑ YI

*Nu jële ko ci xibaaru D. Moren*

*Bokk ci mbootaayu “Xale di dimbale xale”*

*Nataali Dominique Garros*

Jàngkat, sumay xarit,

Jàngoro jiy yàq bëñ, tudd kadam, (kari) fépp la am ci àddina. Moo tax léeb wii waa àddina si sépp la ñu ko jagleel. Ñi dëkk ci réew yu oomle yek ñi dëkk ci yu ñeew doole yi. Ndax ñoom itam, lekk suukar, guy gën a jëm kanam tax na mënatuñoo mucc ci njàngoro ji.

Léeb wi, nag dafa leen di jàngal ci kow di leen bégal. Dafa lenn di jàngal, jox leen xam-xam ci njàngoroy kadam (kari). Bu ñu jàngée léeb wi dinañu mën a nekk di ko léebaat ci biir njaboot gi. Daldi far doon ndaw yuy xamle ci wér gi yaram ci biir dëkkëndoo yi.

L'édition originale a paru en français dans la série d'EDICEF,  
Institut Santé et Développement, Collection "L'ENFANT POUR L'ENFANT," sous le titre:  
Sonko-le-Lièvre, arracheur de dents, LES DENTS

©1994, EDICEF

Édition wolof (publiée avec la permission d'EDICEF-  
éditions classiques d'expression française, 58, Jean-Bleuzen, 92178 Vanves Cedex France)

© 1997 Louise Maranz

La Société Internationale de Linguistique

B.P.2075

Dakar, Sénégal

Traduit du français en wolof par Momar Touré.

Ca réewum “junny jànj”\*, maral mu tar dafaa amoon. Dara amatul ci àll bi. Bukki dëkkee xiif. Sàqam yépp jeex nañu tàkk. Bukki daldi gis ne, jaayi wenn nag wi mu am doñj mooy li des.



Fajar la Bukki jóg jém luuma ga, ngir jaayi nagam.

\*“Reewum Junniy jànj” est le Rwanda, un petit pays montagneux en Afrique, aux sources du

Nil et du fleuve Congo.

Similaak saala Bukki agsi na ci luuma gi. Bi mu agsee gis na coblet, jaaykati gejj. Wànte gis na yit ab géew, ci ron benteñé gu rëy. Géew bi nekk na géew bu xumb. Ndax fasu-àll, kewél ba ci sarwet mi nekk ne tonj ci kow kooba, ñépp a ngi fi.



Bukki ñëw na ci mbooloo mi, ngir xam li fi xew. Buuxante, ba boppam dugg, daldi xàmmee ci géew bi, Góor-gi-Mbaam-àll toog, cib toogu. Mbaam-àll dafa toog, ña gémiñam. Bukki gis na keneen ku yor “tanaaj”, yoor ko ci biir gémiñu Mbaam-àll.

Similaak saala ag yuux daldi na jib. Di yuux gu rëy, gu nirook dënnu. Ndekete kon Mbaam-àll dafa doon buddilu bëñam. Ndekete yit Lëg-Seen mooy ki yoroon “tanaaj”, yoor ko ci gemiñu Mbaam-àll ngir buddil ko bën. Lëg buddi na bëñ bi, ba nekk di ko wone. Beñ bu mboq baa ngiy nàcc.



Bukki xàmme na Lëg. Ñépp nekk di ko tàccu.

Lëg-Seen, noonub Bukki bu mag bi, ndekete dafa utaam beneen  
liggéey? Ta mel na ne liggéey bi dox na!

Kon nag lii moo tax ñépp a ngiy dee ak xiif ndax maral mi, Lëg moom  
am yaram ba dee! neex a lekk ba dee!



Bukki jaay na nagam bay dellu këram. Wànte daal xelam mépp ci  
Lëg la nekk. Nekk na di ko xalaat ak di yuut. Lëg daal ni mu duufee!  
Ku ko afra woon daal... Moo tax Bukki xalaat nam pexe muy tax mu  
jàpp Lëg-Seen.

Dellusi na këram, toog di xaar geneen luuma. Nekk di ñamm ay sellam, ak di yuut. Xaar na ba nawet ñëw, di jamono ji ñuy war a defaat luuma. Bi luuma gi jotee, Bukki teel naa ñëw, ngir teeru Lëg-Seen.



Làqu na foo xam ne, dina gis Lëg, ta Lëg du ko gis. Dégg na Lëg-Seen di wax, rab yi wër ko.

Lëg a ngiy lekk “karoot” di tontu laaj yu ko genn goonj di laaj. Lëg a ngi nekk di xamle, di feeñal ay gëñam. Di gëñ yu weex tall nirook yu perantal.



Ku dégg ni Lëg di njaañee “karoot” walla “pom”, gëm ne Lëg day socc gëñam saa su nekk. Saa su lekkee ba noppi, Lëg dafay socc gëñam ak soccu. Ngir wone ni ñuy soccoo, tax na mu jël ab soccu, di socc gëñi Fasu-àll.

Lëg a ngi wax rekk ak di waxaat, naan: «Déeleen soccu bu ngeen bëggée am gëñ yu rafetee ne suma yos! Déeleen soccu ngir seeni gëñ di weex tåll!»

Bukkee ngi làqu ci ruqam di reetaan. Di xalaat naan: «Soccook ñàkk a soccoo ci yem, say gëñ ñoom yakkamti nañu laa yéy, yow Lëg-Seen!» Bukki nee ne mëll ngir jëf nag.



Am na lu mu sex ci lexam, ba muy nirook lu néwwi. Daldi ɳaawu, nekk di jooy. Fexe ba ku ko gis yérëm ko.

Bukki ñëw na ci Lëg, mel ne kuy fajusi. Lëg gis ko, ne ko: Toogal ta  
ŋa sa gémmiñ!» Bukki daldi toog, ŋa gémmiñam. Lëg daldi duggal  
loxoom ci biir gémmiñu Bukki ngir seet. Bukki naan ko: «Dugalal bu  
baax! Du foofu! Dugalal bu baax!»



Bi tanku Lëg duggee, ba dugg bu baax ci gémmiñ gi, Bukki daldi ko  
màtt. Màtt na ko bu baax ba ca yax ba. Lëg yuuxu, daldi xëm.

Bi Lëg yuuxoo, xaritam coblet daldi ko dégg. Coblet dafa doon sëlmu ci seen wet. Nee na bëret, wodd dal ci benteñé gu mag gi.



Coblet woddaat na dal ci kow bakkanu Bukki, ngir wollu Lëg xaritam. Ndaw mbetteel! Wànte taxul Bukki bàyyi Lëg. Coblet nekk na di jaabante ci kow bakkanu Bukki.

Daldi ne: «Yeen daal suma gaay ñi wàcc ngeen yoon. Mbér yu tool ne yeen waroon ngeen a damu, soog di laale! Xanaa yeen dangeen koo fàtte? »



Coblet nee na: «Bukki, yow mbér mu amul moroom mi, njëkkéel!»  
Bukki xalaat ne Coblet wax na dëgg. Daldi ñeppe gémmin gi ngir bakk. «Cëm! Cëm! Maa fi mën fuuf!»

Bi Bukki laata ñebaat, ngir màttaat, tànku Lëg fekk na Lëg réeri bu yàgg. Xanaa kawari Lëg wi fees gémminiñam lay màttaat.



Nax yi ñu nax Bukki, tax na ñépp nekk di ko ree, rawati na genn goonj. Gooñ gi nekk na di tëb, di dal, di kokkëli Bukki. Bukki rus na. Fëx na ngir réeri yuuxoo yi topp ko.

Bi loolu wéyee, toog nañu lu mat ay weer. Wànte booba ba tey  
ndekete Lëg a ngi dencal Bukki mer. Ta nag Lëg dafa nar a feyyu.  
Seet na toolam, gis ne basi baa ngiy ñor, mu xalaat ne waxtu feyyoom  
jot na.


Genn ngoon, Lëg daldi aw yoonu kér Bukki, noonam bu mag bi.



Am na pañe bu diis bu Lëg yenu, indaale kér Bukki. Bi Lëg agsee,  
taawu Bukki gis ko, daldi gaawtu woo baayam. Bukki ñëw, yéemu ci  
li mu gis.

Yéemu na ndax pañe bi Lëg indaale. Pañe bu fees dell ak ay ngëjëm ak bonboj yu saf sàpp suukar, la Lëg indil Bukki ngir bëgg jàmm ak feddali xaritoo. Ndaw xéewal! Bukki nee na Lëg: «Agsil! Agsil ci néeg bi waay!»

Wànte Lëg gàntu na Bukki. Nee na ko: «Matu ko, Sallaaw! Ta sax bu ëllëgee dinaa fi ñëwaat.»



Ci ëllëg si ci guddi Lëg nëwaat na kér Bukki. Indéeti na pañe bu fees dell ak ay yëf yu saf sàpp ak suukar. Bukki yéemooti na. Toogloo na Lëg gii yoon ci biir néeg bi. Ut na toogu, toogloo ko ci wetu taal bi, toog ci wetam, jafal gënnam, di tóx. Nu nekk di ngoonal. Lëg nekk di séddale li mu indi, di yëf yu saf sàpp suukar, niki karamel, tàngal “Sokolaa” ak ñoom seen... Mag ak ndaw ñepp a ngiy lekk. Ndaw xeewlu!

Indi nañu sàngara ngir mag ñu góor ñi rekk. Lëg nee na: «Bukki mayal xale yi, ñu mos tuuti ci sàngara si. Sallaaw beneen yoon, dinaa leen indil “Sooda” muy naan gu saf sàpp suukar, di naan gi xale war a naan.» Népp tàccu nañu Lëg.




Ngonnal gaa ngiy dox Lëg a ngiy bégal waa kér Bukki. Di leen jox yëf yu saf suukar. Daldi ne: «Dégluleen, ma nettali leen ab xibaar bu fi amoon! Di xibaar bu doy waarr.» Wànte Lëg nee na du mën a nettali xibaar bi ba mu jeex ci genn ngoon. Ndax xibaar bi dafa gudd lool!

Bukki ne ko: «Garaawul!...Soo bëggée, mën nga ñëw ngoon gu jot, di nettali xibaar bi ba mu jeex! Sallaaw!»

Lëg am na li mu bëggoon. Ngoon gu jot dina mën a ñëw kër Bukki, di indi yëf yu saf sàpp suukar. Tax na xale yi di ko sax woowee léegi Baay Lëg-Seen.

Lëg nekk na, di nax ak di sol suukar waa kër Bukki, bés bu nekk.

Liiru Bukki sax léegi ñankal bu fees ak suukar lay fanaanoo.



Benn bés nag, taawu Bukki bëñam daldi damm. Ndaw xibaar bu neex ci lëg! Ndax xam na ne pexeem mat na. Des na tuuti waa kër Bukki, ñépp gëñ yuy metti dina doon seeni tawat.

Ngir gën a matal pexeem tax na saa su nekk Lëg di gën a indi suukar kér Bukki. Ba tax na saa su nekk jangoroy bën nekk di gën a law ci kér Bukki. Népp a ngiy tawat. «Wóy man!»

Mbir mi jaaxal na Bukki. Gannaaw nag xaritam Lëg-Seen mësoon naa nekk fajkatù gëñ, laaj na ko lu waral bii musiba? Lëg daldi “paase wisit” waa kér gi gépp. Daldi gis ne liiru Bukki moom ñankal gi mu daan fanaanoo boor na gënam yépp. Lëg bég na pexeem mat na.



Gis na yit ne, xale yi ci des ak jabaru Bukki, ñoom it seeni gëñ yàqu nañu yaxeet. Bi Lëg “paasee wisit” waa kér gi ba noppi, nee na Bukki: «Jàngoroy “kari,” bëñ bu ko am, buñu ko buddiwul, dina wàll yeneen gëñ yépp, yi nekk ci gémmiñ gi. Sa waa kér nag jàngoroy “kari” yàq na seeni gëñ. Moo leen teree am jàmm. Buddi seen gën yu bon yépp mooy li war.»

Doktoor Lëg ree na. Jëli na “tanaaj” ya mu daan buddee bëñ, ngir jublu ci liggeey bi. Nekk na di buddi gëñ yi: yu bon yeek yu baax yi. Waa kër gi, kenn desul, mag ak ndaw. Bukki sax Lëg buddi nay gëñam. Bi Lëg noppe ci liggeeyam, waa kër Bukki kenn deseetul bëñ.



Bukki seet na xelam daldi nangu li ko Lëg digal. Gëm na ne ñàkk bëñ du teree mën a lekk médd. Tan amul bëñ ta day lekk médd niki mu ko neexe.

Bi loolu amee, Lëg-Seen bareetul tànk kër Bukki. Far na sax jekki-jekki ne mes, kenn gisatu ko. Musiba dal na Bukkeek waa këram. Bukki léegi bu dee wax, ni baatam di nosee, doy na waarr. Jabaram moom dafa gën a ñaaw. Ndax dafa mepp léegi, di niróok màggat mu Kotoos, di tawat biir buy metti saa su nekk. Daldi na naqari deret ba far dàq Bukki, génne ko kër gi. Bukki nekk di taxawaalu, kenn faaleetu ko. Ci menn lëm la mujj dem dëkki.

11



Ci foofu la ko Jàmb-jóob fekk benn bés. Jàmb-jóob waxtaan naak Bukki ba xam na li waral Bukki torox. Jàmb-jóob nag moom xam na Lëg bu baax. Dafa sax yeemu ci Lëg ndax ay pexeem.

Bukki yēgul woon li gēej gi doon riir ndekete. Wànte Jàmb-jóob nekk na di ko xamal, di ko leeralal. Jàmb-jóob nee na ko: «Li Lēg def dëgg-dëgg jëfi reykat la. Reykat bu jëfandikoowul lu dul suukar ak “tanaaj”».

Jàmb-jóob nee na: «Fi waa kér Bukki juumee, mooy fi ñu daawul soccu, saa su ñu lekkaan suukar ba noppi. Daan sax téri, sexaale suukar.» Ndaw musiba!



Bukki kay yēgul woon li gēej gi doon riir. Xamul woon ne yàq ay gëñam ak gëñi waa kérām, moo taxoona jóg Lēg. Ndaxam Lēg mënoon naa faj, ta bañ a buddi gëñ yi. Wànte Lēg buddi gëñ yépp la def. Jàmb-jóob nekk na di wax, ta yēgul ne ki muy waxal déggatul. Bukki mi muy waxal miir na, ba daanu dal di xëm ndax naqar.

## Kon fàttalikul ne

- 1- Deel moytu suukar: tàngal, “karaamel” ak yit naan yu saf suukar yi. Dañuy joxe jängoroy bëñ (“kari”). Macc tàngal téri, bañ a soccu, musiba la.
  - 2- Sexal xale ñankal bu def ndox ak suukar, ngir mu nelaw, musiba la ciy gëñ.
  - 3- Bés bu nekk war ngay soccu ñetti yoon. Saa soo lekkeeb a noppì moo gën. Na ngay soccu ci anam bu teey, lu mat 3 ba ci 4 “minit”. Soccu bala ngaa tëdd moo ëpp solo ci soccu yi.
  - 4- Boo ko mënee, deel ut “dàntifiris filiyoor”.
  - 5- Bu say gëñ dul metti sax, war ngay seeti doktoor, lu mu néew-néew, benn yoon at mu nekk. Ta bul fàtte ne bëñ bu wérul dañu koo war a faj ci lu gaaw.
- 

«Ku xamul benn léebu, kooku ku dee la.»

Bu la xaj màtte ta màttu loo ko, mu ne yow da ngaa amul bëñ.

Ku dul feyyu da ngaa ñàkk fayda.



Xam ngeen yeneen léebu ci mbirum bëñ?

Waaw!: Mått boroomi gëñ reewaande la.

## Soccum gémmiñ ak boros



Soccub ngoon bi ak boros moo gën a am solo: ndax dina tåggale gëñ yeek lépp

luy joxe mikorob, ci lu mat 12 waxtu.




Déeleen boros seeni gëñ. Na boros  
bi di yéeg ak di wàcc, di  
jaar ci diggante gëñ yi.

Fépp lañuy boros ci bëñ bi, biir, biti, wet yi.  
Di dale ci suufu bëñ bi, moo gën ci borosu.





Buleen fättee boros wet gi féeete biti, ci  
dëgëj. Ndax duy feëñ.

Bu ngeen dee boros ci kowu dëgëj yi, na  
boros biy dem ak di ñëw.





Di riiti boros bi, ndejoor ak càmmooñ nekkul  
ni fluwar a borosoo. Ndax defiin woowu du setal  
diggante gëñ yi.

## Soccum gémmiñ ak bant





Guddaayu bant bi 12 cm la. Dañuy yëy  
benn cat li ba mu nooy.

Déeleen socc, muy yéeg ak di wàcc bu ngeen dee  
setal gëñ yi ci kanam, ci biti.



Dégéj yi bu ngeen leen di socc ci biti,  
na soccu biy yéeg ak di  
wàcc, di dalee ci ciiñ mi saa su nekk.

Déeleen socc biir gëñ yi ci kow.



Déeleen socc biir gëñ yi ci suuf.

Déeleen socc, kow dégéj yi, soccu bi di  
leen gàlanj koor.